

Plan Leson : Mezire Tan Reyaksyon – dapre Paul Belony
Laboratwa fizik
Inisyativ MIT-Ayiti | <http://haiti.mit.edu>

Sijè : Tan reyaksyon (aktivite dekouvèt)

Nivo Etidyan : 1e ane nouvo segondè (klas twazyèm segondè)

Kantite tan n ap bezwen : 1 è d tan

Objektif aprantisaj:

1. Aplike ekwasyon sinematik pou detèmine tan reyaksyon
2. Konpare tan reyaksyon elèv yo nan klas la
3. Dekouvri diferans nan tan reyaksyon apre siyal vizyèl ak siyal odyo

Aktivite aprantisaj : Envestigasyon – Siyal vizyèl ak siyal odyo pou detèmine tan reyaksyon

1, 2, 3 : Envestigasyon – itilize yon règ, vwa, ak vizyon pou detèmine tan reyaksyon

Resous :

Règ, twal pwès pou bande je

Evalyasyon :

1, 2, 3 : **Rapò lab :** elèv yo ap rapòte mezi, rezoud pwoblèm, epi reponn kesyon sou sa yo dekouvri.

Mezire tan reyaksyon



*Paul Belony (a goch) ak Ruthly François (a dwat) nan yon demonstrasyon.
« Èske w ka trape, nan fant dwèt ou, yon biyè lajan apre w fin wè lè l ap tonbe? »*

Zouti: Règ, twal pwès pou bande je

Objektif: Kalkile tan reyaksyon ann apre yon siyal vizyèl ak yon siyal odyo.

Entwodiksyon :

An n di w ap mache epi yon mango sòti an wo pye mango a pou l al tonbe sou tèt ou. Gen kèk endis ki ka fe w detekte mango a k ap vini tonbe sou tèt ou a. Youn se si ou wè mango a ap vini. Yon lòt se si ou tande mango a k ap frape fèy yo pou l vin jwenn ou. Nan ki sitiyasyon, pami 2 sa yo, ke w ka gen tan eskive mango a pi vit ? Nan egzèsis sila a, nou pral kolekte done pou n ka reponn kesyon sa a.

Kalkile tan reyaksyon selon estimilan vizyèl :

Yon moun ap kenbe yon règ devan men w. Kite men an kore sou yon tab pou l pa desann al jwenn règ la pandan kanmarad la ap lage règ la.

1. Kanmarad la ap plase règ la nan mitan pwent dwèt endèks ak majè w.
2. W ap louvri dwèt yo epi kite je w sou règ la.
3. Mezire pozisyon inisyal règ la ; sa vle di, mak nan règ la ki nan pozisyon sou do dwèt ou.
4. Kanmarad la ap lage règ la san l pa di w ni fè w siy ki lè l ap lage l.
5. Atrap règ la nan menm moman ou reyalize l ap desann lan.
6. Note pozisyon kote w atrap règ la ; ki vle di mak nan règ la ki sou do dwèt ou.
7. Fè sa pandan 5 fwa.
8. Repete pwosedi sa yo pandan w chanje men.
9. Èske ou note yon diferans nan tan reyaksyon pou chak men yo ?
10. Kounye a, chanje plas avèk kanmarad ou a epi repete menm pwosedi yo.

Kalkile tan reyaksyon selon estimilan odyo :

Pou pati sa a, w ap bouche je w epi kanmarad ou a ap fe yon son pandan li lage règ la. Diskite avèk kanmarad ou a sou ki son n ap chwazi. Son an dwe senp. Men kèk egzanp son : « Wi », « Men », « E », e latrkiye...

1. Kanmarad la ap plase règ la nan mitan pwent dwèt endèks ak majè w.
2. Kanmarad la ap mezire pozisyon inisyal règ la — sa vle di : mak nan règ la ki nan pozisyon sou do dwèt ou.
3. Kanmarad la ap lage règ la pandan l ap fe son ke w te antann avèk li a.
4. Atrap règ la nan menm moman ou tande son an.
5. Kanmarad la ap note pozisyon kote w atrap règ la.
6. Fè sa pandan 5 fwa.
7. Repete pwosedi sa yo pandan w chanje men.
8. Èske ou note yon diferans nan tan reyaksyon pou chak men yo ?
9. Kounye a, chanje plas avèk kanmarad ou a epi repete menm pwosedi yo.

Sentèz :

1. Konpare rezilta yo ni pou ou menm ni pou kanmarad ou a.
2. Èske gen diferans ant tan reyaksyon vizyèl ak tan reyaksyon odyo ?
3. Èske tan reyaksyon pa w se menm avèk pa kanmarad ou a ?
4. Pataje rezilta w yo avèk rès klas la. Ki sa w ka konkli pou tan reyaksyon sa yo ?